

## Ki sa yon “screening” ye?

Tout egzamen medikal yo fe pou we si genyen pwoblèm avek sante.

## Ki sa yon egzamen medikal pou zorey bebe ye?

Se le yo fe egzamen medikal pou bebe ou pou yo kapab wè si li genyen pou li tandé.

## Koman egzamen zorey la fèt?

Gen yon machin espesyal ki montre si bebe ya tande son. Se yon egzamen fasil ki pap fè ti bebe a mal. Ou kapab jwen rezilta avan ou kite lopital la.


## Pou kisa li enpòtan pou ou fè egzamen zorey pou ti bebe?

Si ti bebe ou gen pwoblèm pou li tande, li enpòtan pou doktè wè sa bonè. Lè sa, bebe ou kapab jwen èd pou li kapab apran e pou li kapab pale.

---

*Sou chak 1,000 bebe, 3-4 ka genyen pwoblèm pou yo tande depi lè yo fèt.*

---



*Egzamen ki fèt aprè premye egzamen medikal la enpòtan. Si bebe ou genyen pwoblèm pou li tande, ou ape konnen byen bonè.*

## Ki sa sa vle di si bebe ou pa pase egzamen medikal pou zorey?

Si bebe ou pa pase egzamen medikal la, li bezwen fè lèt egzamen. Egzamen sa yo pral bay plis enfòmasyon sou jan bebe ou tande.

## Ki kote pou ou ale si ou bezwen fè lèt egzamen pou zorey?

Lopital la ape fè yon lot lèt randevou pou bebe ou pou yon lèt egzamen. Si lopital la paka ba ou yon lèt randevou, ou mèt rele Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe (Universal Newborn Hearing Screening Program) nan 1-800-882-1435 pou ou chache konnen ki kote ou kapab ale pou yon lèt egzamen.

## Ki sa pou mwen fè si doktè detèmine ke pitit mwen gen pwoblèm pou li tande?

Fanmi pitit la travay avèk doktè pitit la pou yo kapab decide ki jan pou yo pran swen pitit la. Gen Fanmi ki sevi avèk Pwogram Ki Ede Devlopman Ti Moun (Early Intervention Program) souvan nan cominote yo. Pwogram sa- yo bay sèvis pou fanmi avèk pitit ki gen pwoblèm sante.



---

*Anpil bebe ki gen pwoblèm pou yo tandè, sote lè yo tandè gwo bri. Se sèl egzamen medikal ki kapab fè ou konnen si yon bebe gen pwoblèm nan zorey.*

---

Genyen bebe ki ka bezwen plis egzamen menm si yo pase egzamen pou zorey la le yo fèk fèt. Li trè enpòtan pou ou pale avèk doktè pitit ou, pou ou pran randevou si:

- \* Genyen moun nan fanmi ou ki genyen pwoblèm pou yo tandè ou byen ki pa tandè menm, ou byen ki pa tandè depi yo ti bebe.
- \* Manman an te genyen enfeksyon lè li te ansent, tankou herpes ou byen la roujol
- \* Ti bebe ou la te genyen yon enfeksyon ou byen yon maladi ki bezwen remèd nan yon Neonatal Intensive Care Unit (NICU)
- \* Ou santi ke pitit ou pa apran menmjan timoun laj li
- \* Pitit ou genyen anpil enfeksyon nan zorey
- \* Pitit ou te genyen yon enkesyon grav tankou enfeksyon nan sèvo
- \* Pitit ou (te) frappe nan tèt
- \* Pitit ou genyen yon kondisyon ki kapab fè li pa tandè ankò

### Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe

- \* Sipo pou fanmi
- \* Edikasyon
- \* Sipo Paran-ak-paran
- \* Enfòmasyon e referans
- \* Asistans teknik pou fanmi, sant sante kote yo fe egzamen pou zorey
- \* Enfòmasyon pou fanmi, pwofesyonel nan medsin, e Gen Fanmi ki sevi avèk Pwogram Ki Ede Devlopman Ti Moun (Early Intervention Program)
- \* Koneksyon pou tout resous ki sou men

Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe ede fanmi jwen sèvis yo bezwen. Rele jodi a si ou genyen kesyon ou byen si ou vle konnen ki kote pou ou fè egzamen zorey pou pitit ou.



Enfòmasyon pou fanmi, rele ou byen al sou "internet" la nan  
Telephone: 800-882-1435  
TTY: 617-624-5992  
Email: [newborn.hearing@state.ma.us](mailto:newborn.hearing@state.ma.us)

Department of Health and Human Services Health Resources and Services Administration, Maternal and Child Health Bureau te bay èd pou feyè sa, CFDA No. 93.251 Grant No. 5 H61 MC 00002-05



Ti zwazo kote ou pwale,  
Mwen pwale kay fiyet lalo  
Fiyet lalo kon manje timoun...

**èske bebe ou kapab  
tandè ti chante sa-a?**



**Universal**  
**Newborn Hearing**  
**Screening Program**